

## BAB I

### BUBUKA

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Kamekaran jaman anu beuki maju sarta ayana arus modérnisasi jeung globalisasi, tétéla méré lolongkrang kana asupna budaya deungeun ka Indonésia, sarta mawa pangaruh dina sagala widang, kaasup kana adat-istiadat jeung kabudayaan masarakat.

Kivari, masarakat Indonesia sacara umum geus loba nu teu apal kana tradisi-tradisi budayana sorangan. Kitu deui urang Sunda (minangka sélér bangsa Indonésia) loba nu ngamomorékeun kana ajén-inajén budayana minangka talari karuhun. Ajip Rosidi (1986) nételakeun yén:

*“bahwa masyarakat Sunda memiliki tradisi kesenian dan kebudayaan yang tinggi tidaklah diragukan lagi, dengan adanya bukti-bukti baik dalam bentuk karya-karya maupun karya seni yang bermutu tinggi. Namun adalah juga kenyataan yang susah dipungkiri bahwa masyarakat Sunda, khususnya angkatan mudanya makin lama semakin terasing dan mengasingkan karya-karya leluhurnya”.* (<http://eprints.undip.ac.id/22233/>)

Bukti dina mopohokeun budayana, loba rumaja kivari anu leuwih resep diajar *modern dance* tibatan tari tradisional, atawa leuwih obyag nu miéling acara *valentine* tibatan tradisi-tradisi sorangan, jrrd. Sok sanajan kitu, di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis, aya tradisi anu masih kénéh tagen dicekel tur dilaksanakeun mangrupa tradisi gusaran.

Nilik kana hartina, kecap tradisi nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (2007:496), nya éta kabiasaan nu turun-tumurun ti karuhun, saperti nyawér, buka pintu, jeung saterusna. Singgetna mah tradisi téh nya éta hiji hal anu geus

dilakukeun dina waktu nu lila jeung jadi bagian tina kahirupan hiji kelompok masarakat. Jadi, tradisi téh nya éta hiji paripolah atawa tindakan hiji jalma, atawa kelompok nu geus jadi kabiasaan, diwariskeun ti hiji generasi ka generasi séjén, sarta dilaksanakeun sacara tuluy-tumuluy (<http://jalius12.wordpress.com/2009/10/06/tradisional/>).

Tradisi gusaran téh mangrupa tradisi anu tujuan utamana pikeun ngislamkeun. Numutkeun salah saurang narasumber nya éta Bapa Asidin (77 taun/generasi katujuh), ieu tradisi téh maksudna mépélingan ka budak atawa “ngaragragkeun” syahadat ku cara budak anu rék digusar téh dititah ngégél duit kencring asal antel (minangka sarat) nu istilahna mah sok disebut digosok. Nalika prosés gusaran, nu dipingpin ku paraji bari ngucapkeun syahadat anu tujuanana ngislamkeun. Waktu keur ngalaksanakeun éta tradisi téh teu aya katangtuan husus, tapi ilaharna dilaksanakeun nalika budak geus manjing kana prosés gusaran. Gusaran téh husus keur budak awéwé, umumna dilaksanakeunna téh dina umur nu jangkep, saperti 2 taun, 4 taun, jeung 6 taun. Sedengkeun pikeun budak lalaki mah nu sok disebut sundatan/sunatan mah dina itungan umurna ganjil, saperti 1 taun, 3 taun, jeung 5 taun. Numutkeun Bapa Asidin, dina hukum Islam téh disunatkeun, pikeun budak lalaki disundatan/sunatan jeung budak awéwé “digusaran”. Pikeun masarakat Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis, percaya yén upama hiji budak awéwé teu digusar, éta budak kalakuanana sok bubudakeun sanajan umurna geus déwasa.

Nurutkeun Ranjabar (2006:21), unggal bangsa dina lingkungan nu tangtu miboga kabudayaan sorangan jeung simbul-simbul kabudayaan nu ngan bisa

kaharti ku jalma dina dunya jeung lingkungan sorangan. Dina seuh-seuhanana, kabudayaan téh mangrupa réspon manusa kana lingkungan jeung pasualan hirup nu disanghareupan.

Nurutkeun Herliana (2011:65), antara atikan jeung kabudayaan téh mangrupa hiji hal anu teu bisa dipisahkeun sarta mangrupa hiji gemblengan pikeun kahirupan manusa. Atikan mangrupa kagiatan anu bisa ngaronjatkeun poténsi manusa sangkan mampuh ngalaksanakeun pancénna, sabab ngan manusa anu bisa dididik jeung ngadidik. Kabudayaan tangtu loba pisan, sabab ngawengku kabiasaan masarakat anu nyekel éta budaya. Kitu deui bangsa Indonésia anu miboga rupa-rupa sélér bangsa, salah sahijina nya éta Sunda.

Ku ayana kamekaran téhnologi, tétéla geus mangaruhun kana pola laku lampah manusa, nya munasabah ngabalukarkeun tradisi Sunda téh dina hiji waktu bisa tumpur. Ku kituna, perlu aya tarékah pikeun ngajaga, ngariksa, jeung ngamumulé éta tradisi. Salah sahiji tarékah nu bisa dilakukeun pikeun ngahontal éta tujuan nya éta ngaliwatan pembelajaran di sakola. Dumasar kana Standar Kompeténsi jeung Kompeténsi Dasar (SKKD) Basa Sunda taun 2006 di SMA kelas XI diajarkeun perkara maca bahasan. Maca nya éta salah sahiji aspék dina kaparigelan basa anu gunana pikeun narima informasi tinulis. Peran guru jeung siswa dina prosés pembelajaran kacida pentingna. Guru salaku subyék dina prosés pembelajaran mibanda pungsi stratégis pikeun ngirut siswa sangkan kataji pikeun mikareueus, ngariksa, ngamumulé kabudayaan, nu tujuanana sangkan mibanda sikep anu positip. Lian ti éta, salah sahiji tarékah anu dilakukeun ku pamaréntah Jawa Barat dina raraga ngajaga, ngariksa tur ngamumulé tradisi jeung budaya

Sunda téh diatur dina Perda No.7 Taun 2003, ngeunaan warisan budaya, sajarah, ajén tradisional sarta musieum (<http://harjokosangganagara.blogspot.com/2011/03/pelestarian-budaya-daerah-melalui.html>).

Perkara ngajaga, ngariksa tur ngamumulé kabudayaan daerah téh sacara umum geus diatur dina UUD 1945 Pasal 23:

*“Pemerintah memajukan kebudayaan Indonesia.” Penjelasannya : “Kebudayaan bangsa adalah kebudayaan yang timbul sebagai buah budinya rakyat Indonesia seluruhnya. Kebudayaan lama dan asli terdapat sebagai puncak-puncak kebudayaan di daerah-daerah seluruh Indonesia, terhitung sebagai kebudayaan bangsa (<http://eprints.undip.ac.id/22233/>).*

Di sagédéngéun éta, pamaréntah Jawa Barat terus ngarojong kana kagiatan-kagiatan anu dilaksanakeun ku masarakat. Dina raraga ngamumulé kabudayaan sarta ajén-inajénna, upamana, salah sahiji contona sok diayakeun sacara maneuh festival drama Basa Sunda anu dilaksanakeun ku Teater Sunda Kiwari, sarta agénda-agénda peristiwa Budaya anu dilaksanakeun ku pamaréntah provinsi Jawa Barat nu dialpukahun ku Disbudpar, jeung kota/kab. nu aya di Jawa Barat.

Panalungtikan ngeunaan tradisi-tradisi anu aya di Jawa Barat saméméhna geus aya nu nalungtik, saperti ngeunaan “ Simbol Budaya nu Nyampak dina Tradisi Sambel Séréh Sabada Ngalahirkeun di Kampung Cikonéng Langkob Désa Alam Éndah Kacamatan Rancabali Kabupatén Bandung” (Oktavia, 2010). Lian ti éta, Haetami (2011), nalungtik ngeunaan “Fungsi Simbol dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Kacamatan Ciater Kabupatén Subang”. Aya deui anu nalungtik ngeunaan “Fungsi Simbol dina Upacara Labuh Saji Nelayan Kacamatan Palabuhan Ratu Kabupatén Sukabumi” (Nugraha, 2009). Winarti

(2010) nalungtik ngeunaan “Simbol-simbol anu Nyampak dina Upacara Adat Sérén Taun di Désa Sirna Resmi Kecamatan Cisolok Kabupaten Sukabumi”.

Panalungtikan ngeunaan tradisi gusaran mah can kungsi aya anu ngaguar. Panalungtikan ngeunaan tradisi gusaran téh dianggap penting pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan Budaya Sunda di SMA kelas XI, anu tujuanana sangkan siswa wanoh kana tradisi anu aya di Tatar Sunda. Ku kituna, ieu panalungtikan anu dijudulan “Tradisi Gusaran di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA” dianggap penting pikeun dilaksanakeun.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

### 1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang masalah di luhur sarta sangkan leuwih museur, ieu panalungtikan téh diwatesanan. Watesan masalah anu ditalungtik nya éta ngeunaan Tradisi Gusaran di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupaten Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi tradisi gusaran di masarakat Désa Cimindi Kacamatan Cigugur Kabupaten Ciamis?
- 2) Naon maksud jeung tujuan dilaksanakeunna tradisi gusaran?

- 3) Ajén-inajén naon baé nu nyampak dina tradisi gusaran téh?
- 4) Naha matéri tradisi gusaran bisa dijadikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Ieu panalungtikan téh ngabogaan tujuan umum nya éta numuwuhkeun jeung ngariksa tradisi tur adat-istiadat nu aya di masarakat.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan, nya éta pikeun:

- 1) Meunangkeun gambaran ngeunaan tradisi gusaran anu ngawengku prak-prakanana, waktu dilaksanakeunana, pakakas anu digunakeunana, sarta harti pakakas anu digunakeun;
- 2) Ngungkab maksud jeung tujuan dilaksanakeunana tradisi gusaran;
- 3) Nyangking ajén-inajén anu nyampak dina tradisi gusaran; jeung
- 4) Nyusun bahan pangajaran tradisi gusaran pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mibanda mangpaat pikeun:

- 1) Pikeun panalungtik, utamana bisa nambahana pangaweruh dina widang kabudayaan sangkan bisa diwariskeun tur dipraktékkeun ka anak incu sarta bisa ngaronjatkeun kualitas ngajar;
- 2) Pikeun guru, bisa nambahana pangaweruh dina mekarkeun pangajaran basa Sunda di sakola ku cara ngagunakeun métode anu luyu jeung kontéks pangajaran;
- 3) Pikeun siswa, bisa mikawanoh tur nambahana élmu pangaweruh ngeunaan adat-istiadat masarakat Sunda, sarta bisa nambahana élmu jeung kaparigelan siswa dina pangajaran maca bahasan;
- 4) Pikeun anu maca, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahana pangaweruh sarta motivasi pikeun ngarojong dina raraga ngamumulé kabudayaan anu jadi tradisi urang Sunda.

Mangpaat tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nyangking hasil anu luyu jeung tujuan panalungtikan anu baris dihontal.

## 1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar téh mangrupa dasar pamikiran anu gunana pikeun dasar panalungtikan salaku cecekelan utama (Suyatna, 2002:6). Jadi, anggapan dasar téh nya éta sakabéh bebeneran tiori atawa panalungtikan anu dijadikeun dasar panalungtikan. Anu dijadikeun dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kabudayaan: sarana hasil karya, rasa, jeung cipta masarakat. Kabudayaan bisa mangaruh tingkat pangaweruh tur ngawengku sistem ideu atawa gagasan nu aya dina pikiran manusia;
- 2) Tradisi gusaran mangrupa bagian tina *life cycle* tina tradisi sunatan nu gelarna geus heubeul, anu kudu dijaga tur diriksa sangkan ulah tumpur;
- 3) Tradisi gusaran nepi ka kiwari masih kénéh hirup tur tumuwuh di masarakat Sunda, hususna di Désa Cimindi Kecamatan Cigugur Kabupatén Ciamis;

### **1.6 Sistematika Nyusun Laporan**

Sistematika nyusun laporan mangrupa léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan. Laporanana téh diwangun dina wangu skripsi. Léngkah nyusunna salawasna diaping ku dosén pangaping. Sangkan leuwih jéntré di handap kaunggel rarancang garapanana, nya éta:


Bab I Bubuka, anu di jerona ngawengku: 1) Kasang Tukang Masalah, 2) Watesan jeung Rumusan Masalah, 3) Tujuan Panalungtikan, 4) Mangpaat Panalungtikan, 5) Anggapan Dasar, 6) Sistematika Nyusun Laporan.

Bab II Tradisi Gusaran pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda di SMA, anu di jerona ngawengku: 1) Budaya, 2) Budaya Sunda, 3) Tradisi, 4) *Daur Hidup/ Life Cycle*, 5) Tradisi Gusaran, 6) Bahan Pangajaran, 7) Standar Kompetensi Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda.

Bab III Métodologi Panalungtikan, anu di jerona ngawengku: 1) Métode Panalungtikan, 2) Téhnik Panalungtikan, 3) Téhnik Ngolah Data, 4) Sumber Data, 5) Prosedur Panalungtikan.

Bab IV Déskripsi jeung Analisis Hasil Panalungtikan, anu di jerona ngawengku: 1) Gambaran Umum Tempat Panalungtikan, 2) Déskripsi Tradisi Gusaran di Désa Cimindi, 3) Ajén-inajén anu aya dina Tradisi Gusaran, 4) Tradisi Gusaran pikeun Materi Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA.

Bab V Panutup, anu di jerona ngawengku: 1) Kacindekan, 2) Rékoméndasi.





Siti Fitriyash, 2012

Tradisi Gusaran Di Desa Cimindi Kec. Cigugur Kab. Ciamis Pikeun Bahan Pangajaran  
Maca Bahasan Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu